

Kategori : **ELÈV**

Pibliye: 21/8/2013

Nimewo : **A-830**

Sijè : RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK PWOSEDI POU POTE PLENT  
KONT DISKRIMINASYON ENTÈN

1 nan 1

## REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ap modifiye ak ranplase Règleman Chanselye Chancellor's Regulation A-830 ki gen dat 26 jen 2012.

### Chanjman:

- Li gen ladan "sitiyasyon chomaj" kòm yon kategori ki pwoteje pou aplikan, dapre Lwa sou dwa moun Vil Nouyòk New York City Human Rights Law. (paj 1, § I.A)
- Li klarifye kisa ki konduit diskriminasyon ki entèdi anplwaye DOE genyen kont elèv. (paj1-2, § I.B)
- Li klarifye definisyon tèm "sipèvizè." (paj 2 § I.E, nòt referans 3)
- Li klarifye ke manm estaf ki se temwen oswa ki konnen oswa ki gen enfòmasyon oswa ki resevwa avètisman ke yon manm estaf la ta fè diskriminasyon kont yon elèv, gen obligasyon pou rapòte aloral akizasyon an ba direktè a/reprezantan l nan entèval yon jou lekòl epi soumèt yon fòm pou plent A-830 alekri nan entèval de jou apre li fin fè rapò aloral la dapre Lwa sou diyite pou tout elèv Eta Nouyòk New York State Dignity for All Students Act. (paj 2 § II.A)
- Li klarifye ke falsifye oswa anpeche yon *investigasyon Office of Equal Opportunity and Diversity Management* ("OEO") se yon vyolasyon regleman an epi li ka lakoz sanksyon. (p. 2, § I.F)
- Li klarifye pwosedi OEO pou sipèvizè fè rapò aloral oswa alekri sou plent kont diskriminasyon oswa kont arasman anplwaye fè. (paj 2-3, § II.B)
- Li klarifye delè pou pote plent kont diskriminasyon, arasman oswa vanjans. (paj 3 § III.A)
- Li klarifye yo dwe bay anplwaye yo avètisman sou regleman kont diskriminasyon ak sou pwosedi pou pote plent entèn chak ane. (paj 4, § IV)
- Li klarifye responsablite lekòl pou distribiye bwochi ki rele Respè pou Tout Moun ki enfòmè elèv ak paran sou regleman DOE kont diskriminasyon ak pwosedi pou elèv pote plent kont diskriminasyon/arasman anplwaye DOE fè, chak ane ba paran ak elèv dapre Regleman Chanselye A-832(paj 4 § IV) (paj 4, § IV)
- Yo revize dokiman siplemantè No. 1, 2 ak 3 yo pou yo ka mete chanjman yo nan Regleman sa a.

**REZIME**

Règleman sa a tabli Politik kont diskriminasyon Depatman Edikasyon Vil Nouyòk fikse, epi li tabli yon pwosesis revizyon entèn pou anplwaye, aplikan pou anplwa, paran<sup>1</sup> elèv, elèv ak lòt ki fè biznis avèk DOE, ki itilize lokal DOE oswa sinon ki gen entèaksyon avèk DOE, ki vle pote plent pou diskriminasyon oswa arasman ilegal, oswa revanj ki baze sou plent sa yo. Yo kapab pote plent kont arasman seksyèl ant kamarad ak arasman ki baze sou prejije, entimidasyon ak/oswa agresyon yon elèv kont yon lòt dapre Règleman Chanselye A-831, Arasman Seksyèl ant kamarad, Règleman Chanselye A-832, Arasman elèv kont elèv ki baze sou prejije, Entimidasyon, ak/oswa agresyon ak/oswa atravè pwosesis disiplin jan yo fikse l nan Règleman Chanselye A-443 ak nan Kòd Disiplin lan. Yo dwe rezoud akizasyon sou diskriminasyon/arasman ant elèv ak estaf dapre Règleman Chanselye A-443 ak Kòd Disiplin lan.

**I. RÈGLEMAN**

- A. Se politik Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou *New York City Department of Education* (DOE) l bay opòtinite anplwa egal san baze sou ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenaj, kondisyon sitwayènte, laj, kondisyon matrimonyal, kondisyon afilyasyon, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (fi/gason), kondisyon militè, chomaj, ansyen dosye arestasyon oswa anprizònman (eksepte kote lalwa pèmèt sa), karakteristik predispozisyon jenetik, oswa kondisyon kòm viktim vyolans konjigal, agresyon seksyèl oswa asèlman ki reyèl oswa sispèk.<sup>2</sup> Se politik DOE tou pou kenbe yon anviwònman ki pa gen arasman nan okenn sa nou sot site yo, ladan arasman seksyèl, epi pou konfòme l avèk tout lwa nan akò kolektif Depatman Edikasyon an ki entèdi diskriminasyon.

An konsekans, se yon vyolasyon règleman sa a pou anplwaye DOE adopte yon konpòtman ki se diskriminasyon ak/oswa arasman pou nenpòt anplwaye oswa aplikan nan lokal travay oswa pandan yon aktivite ki gen rapò avèk travay sou baz nenpòt nan sa nou sot site yo kote konpòtman sa a: (1) afekte yon fason negatif nenpòt aspè anplwa oswa konpansasyon, tèm, kondisyon oswa privilèj anplwa yon anplwaye/aplikan; oswa (2) kreye yon anviwònman travay ki gen ostilite, agresivite ak entimidasyon.

Se yon vyolasyon règleman sa a tou pou anplwaye DOE gen konpòtman diskriminasyon ak/oswa arasman kont aplikan pou anplwa, ak lòt moun ki fè biznis avèk DOE, ki itilize lokal DOE oswa ki gen entèaksyon avèk DOE yon lòt fason.

- B. Se politik Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou *New York City Department of Education* (DOE) pou l bay menm opòtinite anplwa san baze sou ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenaj, kondisyon sitwayènte, laj, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (fi/gason) oswa pwa. Se règleman DOE tou pou li kenbe yon anviwònman kote pa gen arasman sou baz nenpòt nan bagay nou sot site la yo, ladan arasman seksyèl<sup>2</sup>.

Kidonk, se yon vyolasyon règleman sa a pou nenpòt anplwaye DOE fè diskriminasyon oswa arasman kont yon elèv l oswa kreye yon anviwònman ki pa favorab pou yon elèv nan konduit ak/oswa aksyon vèbal, ekri oswa fizik nan lokal lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la sou baz nenpòt sa nou sot site la yo kote konpòtman sa yo: (1) gen efè ki grav ki ta antrave kapasite yon elèv pou l patisipe nan pwogram edikasyon yo oswa pou l benefisye nan pwogram, nan aktivite lekòl la fè oswa nan nenpòt lòt aspè edikasyon elèv la; oswa (2) gen efè grav ki ta antrave byennèt mantal, emosyonèl oswa fizik yon elèv; oswa (3) lakoz oswa ki ta ka lakoz yon elèv gen krent pou sekirite fizik li; oswa (4) lakoz oswa ki ta ka lakoz yon elèv sibi chòk fizik oswa emosyonèl. Se yon vyolasyon règleman sa a tou pou nenpòt anplwaye DOE patisipe nan konpòtman ki dekri pi wo a an

<sup>1</sup> Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a vle di paran elèv la oswa responsab li, oswa tout moun ki jwe wòl paran oswa k ap pran swen elèv oswa elèv la li menm, si li se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 lane.

<sup>2</sup> W ap jwenn definisyon kategori diskriminasyon ilegal la nan Dokiman Siplèmantè No. 1.

deyò pwopriyete lekòl la lè konpòtman sa a kreye oswa ta kreye yon ris ki lakoz pwoblèm nan anviwònman lekòl la.

- C. Se règleman DOE pou entèdi vanjans kont nenpòt moun ki pa dakò ak praktik diskriminasyon nan anviwònman travay la, ki pote plent kont diskriminasyon oswa arasman jan yo dekri l la nan Seksyon I(A) oswa I(B) pi wo a, oswa ki pote plent, patisipe nan investigasyon sou yon plent kont diskriminasyon entèn oswa ekstèn. Yo konsidere tout aksyon negatif kont moun akoz patisipasyon yo nan yon aktiviteki pwoteje kòm vanjans.
- D. Pou yo ka devlope ak kenbe yon anviwònman aprantisaj ak travay ki pa gen diskriminasyon, arasman, vanjans ak entimidasyon, li nesèsè pou chak manm estaf kolabore tout bon vre. Yo atann pou anlwaye aji kòm modèl egzanp nan lekòl ak nan biwo y ap travay yo.
- E. Li obligatwa pou sipèvizè<sup>3</sup> kenbe yon anviwònman san diskriminasyon ilegal oswa arasman ki baze sou diskriminasyon.
- F. Konpòtman ki vyole règleman sa a kapab sèvi kòm baz pou disiplin, menmsi li pa rive nan nivo lwa federal, lwa eta a, oswa lwa lokal sou diskriminasyon.
- G. Règleman sa a aplike pou konduit ak kòmantè, ki se yon vyolasyon règleman sa a, menmsi se yon ofans volontè oswa envolontè oswa ki adrese anvè yon moun an patikilye oswa yon gwoup.
- H. Nenpòt anlwaye yo jwenn ki vyole règleman sa a, kapab sibi sanksyon legal ak aksyon disiplin apwopriye.
- I. Yo atann pou tout anlwaye DOE kolabore nan investigasyon *Office of Equal Opportunity and Diversity Management* ("OEO") epi yo oblije prezante nan biwo OEO si yo konvoke yo. Chanje oswa anpeche yon investigasyon OEO sa se yon vyolasyon Règleman sa a epi sa ka lakoz yo pran sanksyon.

## II. RAPÒ

- A. Nenpòt manm estaf ki se temwen yon anlwaye fè diskriminasyon oswa arase yon elèv sou baz ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenaj, kondisyon sitwayèn/sitiyasyon imigrasyon, relijyon, laj, kondisyon matrimonyal, kondisyon afilyasyon, andikap, oryantasyon seksyèl, andikap, oswa pwa oswa ki konnen oswa ki gen enfòmasyon ke yon anlwaye te gen konpòtman sa yo kont yon elèv, yo oblije rapòte ensidan an aloral ba direktè/reprezantan l nan entèval yon jou lekòl epi ranpli yon fòm rapò A-830 pou pote plent ba direktè/reprezantan l nan entèval de jou pou pi plis apre li fin fè rapò aloral la(gade dokiman siplemantè No. 2).
- B. Li obligatwa pou sipèvizè yo rapòte nan OEO imedyatman tout ka sou plent aloral oswa alekri sou diskriminasyon oswa arasman ki baze sou diskriminasyon anlwaye komèt . Sipèvizè yo ka fè rapò a si yo rele OEO, voye yon imèl ba OEO oswa ranpli yon kopi fòm pou pote plent A-830. Y ap ba yo konsèy ak èd sou sa pou yo fè si yo bezwen. Si yon sipèvizè pa rapòte konplent oswa ka diskriminasyon an nan OEO, yo ka konsidere sa kòm vyolasyon règleman sa a.

## III. PWOSEDI POU POTE PLENT

Anlwaye, aplikan pou anlwa, paran, elèv, ak lòt moun ki fè biznis avèk DOE, ki itilize lokal DOE oswa sinon ki gen entèaksyon avèk DOE kapab pote plent kont diskriminasyon, arasman, oswa vanjans jan yo tabli l pi ba a. Yo ka pote plent sa yo alekri oswa aloral lè yo kontakte OEO nan nimewo telefòn/adres ki nan fen règleman sa a.

<sup>3</sup> Tèm sipèvizè vle di anlwaye DOE k ap jwe wòl sipèvizè ki gen otorite sou tèm ak kondisyon travay yo. Tèm sipèvizè a gen ladan direktè, asistan direktè ak sipèvizè lokal yo , men se pa yo sèlman.

## A. Delè pou pote yon plent

Pou kapab fasilite yon solisyon rapid, byen panse ak san patipri, pou yon plent sou diskriminasyon ilegal, yo dwe pote tout plent nan OEO pi vit posibil. OEO pa p aksepte plent anplwaye, aplikan pou travay ak moun k ap fè biznis ak DOE, k ap itilize lokal DOE oswa ki gen kontak ak DOE yon lòt fason, pote ki gen plis pase yon lane depi evènman ki fè yo pote plent lan te pase. Sepandan, plent paran ak/oswa elèv pote pa gen pou respekte limit yon lane sa a.

## B. Pwosedi pou pote plent

1. Moun k ap pote plent lan sipoze itilize fòm pou pote plent ki vin ansanm avèk règleman sa a (dokiman siplemantè No. 2). Ou ka jwenn yon fòm pou pote plent lan dirèkteman nan lekòl yo ak nan biwo yo, si w mande. Apre EOE fin resevwa plent lan, li pral detèmine si plent lan se yon vyolasyon règleman sa a epi, si se ka a, l ap mete yon investigatè OEO sou plent lan. Si OEO kwè gen domaj grav ki ka rive avan yo fin investigate ak rezoud plent la ann antye, OEO kapab rekòmande mezi soulajman pwovizwa apwopriye annatandan investigasyon plent lan fin fèt.
2. Apre investigasyon an, EOE ap soumèt rezilta investigasyon ki di si wi oswa non te gen vyolasyon Règleman sa a alekri, bay Chanselye a/reprezantan l.<sup>4</sup> Chanselye a/reprezantan l ap bay desizyon l alekri nan espas 90 jou travay apre yo fin resevwa plent lan si gen sikonstans ki jistifye pwolonjman peryòd tan an. Y ap fè moun ki pote plent lan ak moun yo akize a konnen desizyon an alekri.
3. Si yo jwenn te gen vyolasyon règleman sa a, sipèvizè moun yo akize a ap pale avèk OEO pou deside si gen aksyon disiplin oswa mezi koreksyon ki nesèsè.
4. OEO ap asire ke yo pran aksyon pou nenpòt mezi koreksyon ki nesèsè.

## C. Plent anonim

Yon moun ka pote yon plent anonim devan OEO pou fè konnen gen yon pratik oswa yon politik ki se diskriminasyon. OEO ap revize plent sa a pou wè kijan yo sipoze abòde enfòmasyon moun anonim lan bay la.

## D. Konfidansyalite

Se règleman Depatman Edikasyon pou respekte entimite tout moun ki an kesyon ak moun ki temwen osijè konplent yo pote anba règleman sa a. Sepandan, bezwen konfidansyalite dwe ekilibre avèk obligasyon pou kolabore avèk investigasyon legal la, pou bay moun yo akize a yon pwosè jis, ak/oswa pou pran aksyon ki nesèsè pou jwenn mwayen konsilyasyon, pou investigate oswa pou rezoud plent lan. Kidonk, yo kapab bezwen pou devwale enfòmasyon osijè plent lan nan kèk sikonstans apwopriye.

## E. Fo Akizasyon kont Diskriminasyon

Yo ka pini yon moun oswa yon temwen ki fè yon fo akizasyon sou diskriminasyon volontèman oswa ki bay yon enfòmasyon ki fo pandan yon investigasyon sou yon plent. Yo p ap konsidere yon plent yon moun pote anbònfwa kòm fo akizasyon, menmsi investigasyon an pa rive verifye l.

IV. **PIBLIKASYON PWOSEDI SA YO**

Yo dwe bay anplwaye avi sou Règleman DOE kont diskriminasyon ak pwosedi pou pote plent chak ane. Anplis, chak biwo ak lekòl dwe afiche règleman kont diskriminasyon Depatman an yon kote tout moun ka wè (ki bay enfòmasyon pou kontakte OEO, epi li di ki kote ou ka jwenn yon kopi règleman sa a; gade dokiman siplemantè No. 3.)

Dapre Règleman Chanselye A-832, chak lekòl dwe distribiye yon kopi bwochi ki rele Respè pou tout Moun *Respect for All* chak ane ba paran ak elèv. Bwochi sa a enfòmè paran ak elèv sou

<sup>4</sup> Reprezantan Chanselye a pou plent anplwaye pedagojik pote oswa kont anplwaye pedagojik se Konseye Jeneral *General Counsel*. Pou plent yo pote kont moun ki pa anplwaye pedagojik, reprezantan Chanselye a se yon Chanselye adjwen.

regleman DOE kont diskriminasyon ak pwosedi pou elèv pote plent diskriminasyon/arasman kont anplwaye DOE. Paran/elè k ap rantre lekòl pandan ane lekòl la dwe resevwa yon kopi bwochi a depi li fin enskri.

#### V. LÒT PWOSEDI POU POTE PLENT

Pwosedi entèn sa yo pa retire dwa chak moun pou yo mande konkou lòt kote tankou pote plent nan nenpòt nan ajans deyò nou site pi ba a. Men, lè yo pote plent nan yon ajans deyò, OEO p ap fè envestigasyon entèn, epi l ap transfere ka a bay Biwo Legal la DOE.

- New York City Commission on Human Rights
- U.S. Department of Education, Office for Civil Rights
- U.S. Equal Employment Opportunity Commission
- New York State Division of Human Rights

Delè pou pote plent nan ajans sa yo ka varye.

#### VI. KESYON

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, ou ta dwe kontakte :

|   |  |                                     |
|---|--|-------------------------------------|
| <p><u>Telefòn:</u><br/>718-935-3320</p> <p><u>Nimewo telefòn gratis:</u><br/>877-332-4845</p> | <p><i>Office of Equal Opportunity and Diversity<br/>Management<br/>N.Y.C. Department of Education<br/>65 Court Street – Room 1102<br/>Brooklyn, NY 11201</i></p> <p>Adrès sitwèb: <a href="http://www.nyc.gov/schools/oeo/">www.nyc.gov/schools/oeo/</a></p> | <p><u>Fax:</u><br/>718-935-2531</p> |
|---|--|-------------------------------------|

## **REZIME DISKRIMINASYON YO ENTÈDI**

Règleman Chanselye A-830 etabli pwosedi pou anplwaye, aplikan pou djòb, elèv, paran ak lòt moun ki gen biznis avèk DOE, itilize lokal DOE oswa gen entèaksyon avèk DOE kapab prezante ak rezoud deklarasyon anndan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la. Enfòmasyon sa yo la kòm gid pou ede moun evite pratik diskriminasyon, men yo pa konplè.

**Ras/Koulè:** ras oswa koulè reyèl oswa aparant.

**Andikap:** Andikap reyèl oswa aparant, oswa istwa andikap. Tèm “andikap” la vle di nenpòt pwoblèm fizik, medikal, mantal oswa sikolojik, oswa istwa oswa dosye pwoblèm sa yo, oswa yon kondisyon lòt moun konsidere kòm andikap. Se pa diskriminasyon pou yon patwon mande pou tout anplwaye oswa aplikan kapab fè travay esansyèl yon djòb avèk oswa san akomodasyon rezonab.

Si yon moun kwè li kalifye pou andikap epi li nan bezwen pou yon akomodasyon rezonab, pou li ranpli fonksyon esansyèl travay li, moun sa a sipoze kontakte Biwo Medikal HR Connect oswa koòdonatè OEO pou andikap pou plis enfòmasyon.

**Sèks (Fi/gason):** sèks reyèl oswa aparant, gwosès, oswa kondisyon ki gen rapò avèk gwosès oswa fè pitit. Entèdiksyon kont diskriminasyon dapre sèks gen ladan arasman seksyèl.

Tèm “sèks” la ap gen ladan tou idantite sèks, pwòp imaj, aparans, konpòtman oswa ekspresyon yon moun, menmsi jan moun lan idantifye l la diferan avèk sa yo te asosye tradisyonèlman avèk sèks legal yo te di moun sa a ye lè li te fèk fèt, menmsi li pa diferan.

**Etnisite/Nasyonalite orijin:** Nasyonalite orijin oswa idantite etnisite reyèl oswa aparant. Nasyonalite orijin diferan avèk ras/koulè oswa relijyon/kwayans paske moun ki soti nan divès ras ak relijyon oswa ansèt yo kapab soti nan yon menm nasyon. Tèm “nasyonalite orijin” gen ladan manm tout gwoup nasyon ak gwoup moun ki gen ansèt, eritaj, oswa desandans an komen; li gen ladan tou moun ki marye oswa asosye avèk yon moun oswa plizyè moun yon orijin nasyonal an patikilye.

**Karakte jenetik predispoze:** nenpòt jèn oswa kwomozòm, oswa domaj yon tès jenetik montre oswa yo dedui avèk enfòmasyon ki soti nan yon moun oswa manm fanmi li, ke yo kwè ki predispoze yon moun oswa pitit li sou plan syantifik oswa sou plan medikal, pou gen yon maladi oswa yon andikap ki asosye avèk yon gwo risk pou l devlope yon maladi fizik oswa mantal, oswa yon andikap.

**Sitwayènte:** Kondisyon imigrasyon reyèl oswa aparant oswa kondisyon sitwayènte yon lòt peyi ki pa Etazini. Li pa yon pratik diskriminasyon ilegal pou nenpòt moun fè diskriminasyon sou baz kondisyon sitwayènte oswa pou mande ransèyman sou kondisyon sitwayènte yon moun oswa pou bay yon moun ki gen nasyonalite ameriken preferans, lè yo pèmèt preferans sa yo espesifikman, oswa yo obligatwa dapre lwa oswa règleman federal, vil la, oswa eta a.

**Relijyon/Kwayans:** relijyon oswa kwayans reyèl oswa kwayans (ansanm kwayans fondamantal, kit se relijyon oswa non).

Yon anplwaye ki mande yo akomodasyon rezonab pou rezon relijye, sipoze suiv pwosedi Règleman Chanselye C-606 la. Yon elèv ki mande yo akomodasyon rezonab pou rezon relijye, sipoze suiv pwosedi Règleman Chanselye C-630 la.

**Laj:** Laj reyèl oswa aparant.

**Kondisyon marital:** Kondisyon marital reyèl oswa aparant.

**Gwosè:** gwosè reyèl oswa aparant.

**Oryantasyon Seksyèl:** oryantasyon seksyèl reyèl oswa aparant. Tèm oryantasyon seksyèl la vle di eteroseksyèl, omoseksyèl oswa biseksyèl.

**Ansyen Arestasyon/Konviksyon:** Li kapab ilegal pou pa anplwaye yon moun paske li gen yon dosye prizon, amwenske gen yon relasyon dirèk ant bagay mal li te fè a, avèk djòb la, oswa amwenske si yo ba l djòb la sa ap kreye yon risk ki pa rezonab. Men gen kote lalwa pèmèt y al gade dosye arestasyon oswa prizon yon moun nan kèk sikonstans.

**Kondisyon chomaj:** Tèm chomaj la vle di ou pa gen djòb, ou disponib pou travay epi w ap chèche travay. Men gen kote lalwa pèmèt pou yon patwon konsidere chomaj yon aplikan lè gen yon rezon trè valab ki gen rapò avèk anplwa pou l fè sa, oswa pou l poze kesyon sou rezon ki fè yon aplikan pa nan djòb li te ye avan an.

**Viktym Vyolans Domestik , Ofans Seksyèl, oswa Pèsekisyon:** Yon viktim reyèl oswa aparant vyolans domestik se yon moun ke yon ansyen mari/madanm, yon moun ki rete nan menm kay la oswa ki te rete nan menm kay avèk viktim lan, yon moun ki te nan yon relasyon womantik, entim, oswa yon moun ki viv nan menm kay avèk lòt moun lan detanzantan, fè aksyon oswa tretman vyolans sou li, men se pa aksyon sèldefans,

Yon viktim reyèl oswa aparant ofans seksyèl oswa pèsekisyon, se yon yon moun ki sibi konpòtman sa yo jan kòd penal la defini l.

Yon anplwaye kapab mande yon akomodasyon rezonab akòz kondisyon reyèl oswa aparant li kòm viktim vyolans domestik, ofans seksyèl oswa pèsekisyon pou li kapab fè travay prensipal yon djòb. Yo kapab mande anplwaye a pou l bay prèv alekri ke li se yon viktim vyolans domestik, ofans seksyèl oswa pèsekisyon. Yon kopi ki mande yon akomodasyon rezonab ap founi yon kopi prèv alekri konsa nan yon peryòd rezonab apre li fin fè demand lan. Yo ka satisfè demann prèv la avèk yon dosye polis oswa tribinal, dokiman yon anplwaye, yon ajan, oswa yon volontè sèvis pou viktim, yon avoka, yon manm klèje, oswa yon ajans pwofesyonèl oswa medikal ke anplwaye a oswa fanmi anplwaye t al mande konkou kòm yon viktim reyèl oswa aparant vyolans domestik, ofans seksyèl, oswa pèsekisyon ak/oswa efè vyolans lan ak pèsekisyon an; oswa lòt enfòmasyon ki gen rapò avèk pwoblèm lan ak demann akomodasyon an.

**Kondisyon Militè:** Patisipasyon yon moun nan sèvis militè Etazini oswa sèvis militè eta a, pami yo, Armed Forces of the United States, Army National Guard, Air National Guard, New York Naval Militia, New York Guard ak lòt fòs konsa ke gouvènman federal la oswa gouvènman eta a kapab kreye dapre lalwa.

### **Arasman seksyèl**

#### **A. Arasman Seksyèl ant Anplwaye**

Arasman seksyèl yon anplwaye fè sou yon lòt anplwaye se avans seksyèl yon moun pa aksepte, demann pou favè seksyèl, oswa lòt konduit vèbal oswa fizik, oswa kominikasyon ki gen rapò avèk sèks lè:

1. lè yo fè yon moun konnen aklè oswa an parabòl ke kondisyon anplwa li depann sou konpòtman sa a;
2. lè yo itilize akò oswa refi yon moun avèk kondudit sa a kòm baz pou desizyon anplwa k ap afekte moun sa a; oswa
3. konpòtman sa a gen objektif pou entèfere san rezon avèk pèfòmans travay yon moun oswa kreye yon anviwònman travay plen avèk entimidasyon, ostilite oswa chòk.

Arasman seksyèl kapab pran diferan fòm, ladan pwopozisyon seksyèl aklè oswa menas, ensinyasyon seksyèl, kòmantè ki gen rapò avèk sèks, blag ki gen rapò avèk sèks, jès obsèn egzibisyon materyèl pònografik oswa obsèn, ak kontak fizik, tankou manyen, karese, penchen, oswa frote avèk kò yon lòt moun. Yo ka konsidere konpòtman sa yo kòm arasman menmsi se ant menm sèks oswa ant sèks opoze epi yo ka konsidere yo tou kòm konpòtman kriminel.

#### **B. Arasman Seksyèl Anplwaye fè sou Elèv**

OEO ap voye tip konplent sa yo bay Komisè Espesyal pou Envestigasyon an, epi limenm l ap deside kisa ki pou fèt.

Yo pa gen dwa janm konsidere konduit seksyèl ant yon anplwaye adilt ak yon elèv kòm yon bagay ki nòmal ni apwopriye. Arasman seksyèl yon anplwaye fè sou yon elèv se avans seksyèl yon moun pa aksepte, demann pou favè seksyèl, oswa lòt konduit vèbal oswa fizik, ki gen rapò avèk sèks: Li gen ladan sitiyasyon kote:

1. elèv la dakò avèk konduit sa a kòm kondisyon pou li avanse oswa jwenn yon edikasyon;

2. lè yo itilize akò oswa refi yon elèv avèk kondudit sa a kòm baz pou evalye l oswa ba l nòt oswa kòm yon faktè nan desizyon k ap afekte edikasyon elèv la; oswa
3. konpòtman sa a gen objektif pou entèfere san rezon avèk edikasyon yon elèv oswa kreye yon anviwònman edikasyon plen avèk entimidasyon, ostilite oswa chòk.

Arasman seksyèl kapab pran diferan fòm, ladan pwopozisyon seksyèl aklè oswa menas, ensinyasyon seksyèl, kòmantè ki gen rapò avèk sèks, blag ki gen rapò avèk sèks, jès obsèn egzibisyon materyèl pònografik oswa obsèn, ak kontak fizik, tankou manyen, karese, penchen, oswa frote avèk kò yon lòt moun. Yo ka konsidere konpòtman sa yo kòm arasman menmsi se ant menm sèks oswa ant sèks opoze epi yo ka konsidere yo tou kòm konpòtman kriminèl.

**C. Arasman Seksyèl Elèv fè sou Elèv**

Tanpri al gade Règleman Chanselye A-831: Arasman ant Kamarad.



**FOM POU KONPLENT DISKRIMINASYON**

**Enfòmasyon moun k ap pote plent lan:**

Tanpri ranpli tout kote ki apwopriye yo epi soumèt li pi vit posib apre ensidan sa ou konsidere kòm diskriminasyon oswa arasman an bay:

**OFFICE OF EQUAL OPPORTUNITY & DIVERSITY MANAGEMENT**  
**E.O. Complaint Unit**  
**65 Court Street, Room 1102**  
**Brooklyn, NY 11201**  
**# Telefòn: 718-935-3320**  
**# Faks : 718-935-2531**

➤ **Yo dwe pote yon plent nan espas ennan pwoblèm ki fè yo pote plent lan irve. Men, plent ke elèv ak/oswa paran pote nan non elèv fè eksepsyon limit ennan an.**

➤ Se moun k ap pote plent ananm avèk moun k ap rapòte plent nan non yon anplwaye oswa yon elèv ki sipoze itilize fòm sa a.

➤ Tanpri **ekri avèk lèt detache** tout enfòmasyon yo mande yo.

➤ Epi ajoute lòt paj avèk dokiman prèv si sa nesesè.

Tcheke (  ) youn:       Anplwaye                       Elèv                       Paran                       Aplikan pou Anplwa                       Lòt  
 Moun k ap fè rapò a

Non w:

Tit ou:

Non elèv \_\_\_\_\_

(\*Si sa aplikab)

Adrès kay la: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_

Eta: \_\_\_\_\_

Kòd postal: \_\_\_\_\_

# Telefòn Kay: \_\_\_\_\_

Selilè: \_\_\_\_\_

Travay: \_\_\_\_\_

**Enfòmasyon sou moun ki responsab lokal la:**

|   |
|---|
| Non Direktè lekòl oswa moun ki responsab lokal la:<br>_____ |
| Tit: _____  |
| Lekòl/Biwo/Distri _____                                     |
| Adrès lokal la: _____                                       |
| # telefòn lokal la: _____                                   |

**Tip plent lan:**

**1. Tcheke  pi ba a pou di poukisa ou panse yo fè diskriminasyon kont ou.**

- |   |   |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Laj  | <input type="checkbox"/> Kondisyon kolaborasyon (pa aplikab pou elèv)   |
| <input type="checkbox"/> Kondisyon sitwayènte                         | <input type="checkbox"/> Predispozisyon jenetik oswa karakteristik (pa aplikab pou elèv)                            |
| <input type="checkbox"/> Arestasyon/anprizònman (pa aplikab pou elèv) | <input type="checkbox"/> Ras  |
| <input type="checkbox"/> Koulè  | <input type="checkbox"/> Relijyon   |
| <input type="checkbox"/> Kwayans                                      | <input type="checkbox"/> Revanj (poutèt deklarasyon yon konplent diskriminasyon)                                    |
| <input type="checkbox"/> Andikap                                      | <input type="checkbox"/> Arasman seksyèl  |
| <input type="checkbox"/> Etnisite/Nasyonalite orijin                  | <input type="checkbox"/> Oryantasyon Seksyèl  |
| <input type="checkbox"/> Sèks (Fi/gason)                              | <input type="checkbox"/> Kondisyon kòm viktim vyolans domestik, ofans seksyèl oswa pèsekisyon (pa aplikab pou elèv) |
| <input type="checkbox"/> Sitiyasyon konjigal (pa aplikab pou elèv)    | <input type="checkbox"/> Gwosè (pou elèv sèlman)  |
| <input type="checkbox"/> Sitiyasyon militè (pa aplikab pou elèv)      | <input type="checkbox"/> Kondisyon chomaj (sèlman pou aplikan)  |

**2. Non/tit moun ou kwè ki fè diskriminasyon kont ou a/yo.**

- |          |         |          |         |
|----------|---------|----------|---------|
| 1. Non : | 1. Tit: | 2. Non : | 2. Tit: |
| _____    | _____   | _____    | _____   |
| 3. Non : | 3. Tit: | 4. Non : | 4. Tit: |
| _____    | _____   | _____    | _____   |

**3. Ki kote sa te rive?  Nan lekòl  Andeyò lekòl  Nan biwo santral**

\_\_\_\_\_

**4. Dat kote aksyon diskriminasyon ou di ki fèt la rive.**

- |                                |                                |
|--------------------------------|--------------------------------|
| Mwa: _____ Jou _____ Ane _____ | Mwa: _____ Jou _____ Ane _____ |
| Mwa: _____ Jou _____ Ane _____ | Mwa: _____ Jou _____ Ane _____ |

**5. Eksplike sa ki pase a (site non ak prèv, si genyen, epi ajoute paj anplis si sa nesèsè).**

\_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

**6. Ki soulajman oswa aksyon koreksyon w ap chèche?**

\_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

**Siyati:** \_\_\_\_\_

**Dat :** \_\_\_\_\_



**AVI PIBLIK POLITIK ANTIDISKRIMINASYON**

Se politik Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou ofri opòtinite egal nan edikasyon ak nan travay san konsiderasyon reyèl oswa sispèk ki baze sou **ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, peyi orijin, kondisyon imigrasyon, kondisyon sitwayènte, laj, kondisyon vi konjigal, andikap, preferans seksyèl, sèks (gason/fi), sityasyon militè, dosye arestasyon oswa kondanasyon ki te egziste avan, eksepte sa lalwa pèmèt, karakteristik jenetik predispoze, oswa kondisyon kòm viktim vyolans domestik, enfraksyon seksyèl ak pousuit ki reyèl oswa ke yo panse epi kenbe yon anviwònman ki pa gen arasman pou okenn nan rezon ki pi wo a, tankou arasman seksyèl oswa revanj.**

Se politik Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou ofri opòtinite egal nan edikasyon san konsiderasyon reyèl oswa sispèk ki baze sou ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, peyi orijin, kondisyon imigrasyon, kondisyon sitwayènte, laj, kondisyon vi konjigal, andikap, preferans seksyèl, sèks (gason/fi), oswa grosè ki reyèl oswa ke yo panse epi pou kenbe yon anviwònman ki pa gen arasman pou okenn nan rezon ki pi wo a, tankou arasman seksyèl oswa revanj

Règleman sa a konfòm avèk Tit VI ak Tit VII lwa sou dwa sivil 1964, Tit IX Amandman Edikasyon 1972, Lwa sou diskriminasyon nan anlwa 1967, Seksyon 503 ak Seksyon 504 nan lwa reyabilitasyon 1973, Amannman nòm pou jistis nan travay 1974, Lwa refòm ak kontwòl imigrasyon 1986, Lwa pou Ameriken ki gen andikap 1990, Lwa Dwa Sivil 1991, Lwa dwa moun Vil ak Eta Nouyòk ak Seksyon lwa kont diskriminasyon nan Collective Bargaining Agreements Depatman Edikasyon Vil Nouyòk.

Règleman Chanselye A-830 etabli pwosedi pou anlwaye, paran elèv, elèv ak lòt moun ki fè biznis avèk DOE, itilize lokal DOE oswa ki gen entèaksyon avèk DOE pou yo pote plent pou diskriminasyon ilegal oswa vanjans moun ap pran apre konplèt sa yo. Ou ka paote plent sa yo lè ou kontakte biwo Equal Opportunity & Diversity Management (OEO) oswa lè w pote plent lan nan youn nan ajans nou mete pi ba yo. Ou ka jwenn yon kopi Règleman Chanselye A-830 lan nan OEO oswa nan: [www.nyc.gov/schools/oeo](http://www.nyc.gov/schools/oeo).

| Resous entèn:  |   | Resous ekstèn:  |  |
|--|---|---|--|
| <p><b>The Office of Equal Opportunity &amp; Diversity Management</b><br/> <b>New York City Department of Education</b><br/> <b>65 Court Street – Room 1102</b><br/> <b>Brooklyn, New York 11201</b><br/> <b>Telefòn : 718-935-3320 Faks: 718-935-2531</b><br/> <b>Sit wèb : <a href="http://www.nyc.gov/schools/oeo/">www.nyc.gov/schools/oeo/</a></b></p> |   | <p>U.S. Equal Employment Opportunity Commission<br/> New York District Office<br/> 33 Whitehall Street, 5th Floor<br/> New York, New York 10004<br/> 212-336-3620</p> | <p>Office for Civil Rights<br/> New York Office<br/> U. S. Department of Education<br/> 32 Old Slip, 26th Floor<br/> New York, NY 10005-2500<br/> 646-428-3900</p> |
| <p>Voye kesyon sou konfòmite konsènan Tit IX bay:<br/> Victoria Ajibade, Title IX Coordinator<br/> 65 Court Street - Room 1102<br/> Brooklyn, NY 11201<br/> Telefòn : 718-935-4797<br/> E-mail: <a href="mailto:Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov">Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov</a></p>   | <p>Voye kesyon konsènan akomodasyon §504 elèv bay:<br/> Ava Mopper, Director/§504 Coordinator<br/> 28-11 Queens Plaza North - Room 402<br/> Long Island City, NY 11101<br/> Telefòn : 718-391-6117<br/> Imèl : <a href="mailto:Section504Inquiries@schools.nyc.gov">Section504Inquiries@schools.nyc.gov</a></p> | <p>New York State Division of Human Rights<br/> 1 Fordham Plaza - 4th Floor<br/> Bronx, New York 10458<br/> 718-741-8400</p>  | <p>New York City Commission on Human Rights<br/> 40 Rector Street<br/> New York, New York 10006<br/> 212-306-5070</p>  |